

NAN PREZANS LI



Mèsi, Frè Neville, ke Seyè a beni w vrèman an abondans.

E bonswa, zanmi m yo. Se yon gwo privilèj pou m retounen isit la nan bilding sa a ankò aswè a, pou ap santi Prezans Seyè nou an ki pa janm fayi a, jan L te pwomèt la. Epi kounye a, mwen konnen anpil nan nou te rete pou ti Mesaj aswè a, e mwen vrèman gen rekonesans pou sa. E anpil nan nou pral oblije kondui byen lwen ankò aswè a, pou rive lakay. Genyen ki deja regle fakti motèl yo, dapre sa m konprann. Nou pral eseye pa kenbe nou lontan, kifè se poutèt rezon sa a nou vin bonè pou nou ka ale bonè.

² E kounye a nou pral, osito ke posib, m ap anonse kilè n ap ka kòmanse, Mwen te resevwa kèk apèl aprèmidi a, ki vle konnen kilè nou pral abòde liv sa yo, oswa chapit sa yo. Mwen panse ke, si Seyè a vle, mwen ta renmen, pwochen fwa a n ap kòmanse, sou Sèt So Apokalips yo, avèk sèt so natirèl yo. Epi, apres a si nou fini atan, trete avèk sèt so sou do Liv la, ou wè. Bon, sa ka pran yon ti tan. Ou wè, gen sèt so ki louvri; gen sèt fleyo, sèt twonpèt, tout chif sèt sa yo; epi n ap ka trete avèk so sa yo an premye. Men la a do Liv la sele ak sèt so. Danyèl te tandè vwa sa yo, loraj yo, e yo te entèdi l pou ekri l. Yo te entèdi Jan pou ekri l. Men sa te sele sou do Liv la, sa vle di, apre ke tout mistè Liv yo te fin anonse epi revele. Nou remake Danyèl te di la a: “Mistè yo nan jou vwa sa yo, mistè Bondye ta dwe devwale nan moman sa a.” Ou wè, “mistè a,” kimoun Bondye ye, kijan Li te vin lachè, tout bagay sa yo ta dwe devwale nan moman sa a. E lè sa—lè sa n ap prè pou Sèt So sou do Liv la, ki pa t menm revele bay lòm, ki pa menm ekri nan Bib la, men y ap gen pou yo tonbe dakò egzakteman avèk rès Bib la, e m panse sa ap yon gwo bagay.

³ Kifè la nou pral eseye fè vit pou nou fini. Mèsi a nou tout pou jantiyès ak prezans nou, epi—epi tout sa nou te fè, nou remèsye nou anpil. E kounye a mwen—mwen espere ke nou p ap kenbe w twò lontan aswè a, paske ou tèlman pasyan chita, kanpe. Madanm mwen dèye la te di, li t ap pale de yèswo, li te di, “M te wè medam ki te menm ase gwo, kanpe la, ak rad yo tou tranpe, ki te kanpe la, jis ap trape chak Pawòl.” Se poutèt rezon sa mwen renmen rete sou onksyon Sentespri a, pou lè w vini ou ka di moun yo onèt Verite, ou wè, e anyen lòt ke Verite a. E lè sa yo ka konte sou Sa epi tout bagay ap kòrèk.

⁴ Kounye a mwen vle mande w eskiz pandan yon ti moman. Mwen te pati on tijan bonè maten an. Bann kasèt yo te fèmen nan moman sa a, e nan yon ti moman yo t ap di m—di m kilè pou mete anrejistremen yo an mach. Mwen te vle fini mesaj *Dekont* la, m t ap pran senk minit pou fè l, anvan m kite. M te bliye epi m t al fè wout mwen, m te tèlman al lwen maten an ke m te pati san

m pa t di anyen sou sa. Men, mwen te kòm kite nou ak kesyon: “Kisa dekont lan te ye?” Ou wè? Mwen konnen nou nan dekont lan, men kisa dekont lan ye? Ou wè? Si w pa konn kisa ki dekont lan, alò w ap on jan dezoryante. Kidonk mwen—mwen ta renmen pou—pou fè sa, jis, epi eseye rete sou menm lanse mwen te ye a pou m fini bann kasèt sa a kounye a, pou bann kasèt la ka soti, *Dekont*. Kifè nou tout ap eskize m jis pou yon moman, e mwen vle fini bann kasèt sa. Èske n ap pèmèt mwen jis pou yon moman, apres a n ap kòmanse ak lòt la? [Kongregasyon an di “Amèn.”—Editè a.] Bon—bon moun k ap anrejistre yo, si nou vle, deklanche bann kasèt nou an kounye a. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

[Frè Branham eksplike nan paragraf 4-5 ke li te mete pòsyon sa ki te manke a nan mesaj maten li an ki gen pou tit *Dekont*, se paragraf 106-111—Editè a.]

⁵ Nou fèk soti diferan kote, nou te pase yon bon moman nan twa dènye mesaj yo, pou ap pale sou sijè diferan sòt—sòt doktrin ak lòt bagay ke nou te prezante. Mwen fèk sonje kounye a ke mwen dwe fè yon ti poz la, pou noumenm k ap okipe de anrejistreman an, pou chanje kasèt nou yo bò. M ap di nou kilè k ap bon pou kòmanse. Dakò. Bon, mwen dwe siveye sa. Sa sanble a yon fason byen atifisyèl, men ti mesye sa yo oblije pwodui bann kasèt la. E yo pa ka fè l tou melanje; si yo fè sa, moun yo deyò la pa p konprann sa. Kifè nou dwe fè l fason sa. Alò si yon moun ta jis soti kite pyès la pou fè m siy la a, Junior, lè yo pare pou chanje bann kasèt la bò. Mèsi anpil, zanmi m yo, mwen repete l, pou tout jantiyès nou ak tout bagay. Trè byen, nou prè kounye a, ou ka kòmanse anrejistre.

⁶ Ke Seyè a beni nou. Nou kontan pou nou la ankò nan tabènak la aswè a. Sal la plen ak anpil moun ki kanpe ankò aswè a, alò ke nou gen twa jou. . . oubyen sèvis twa fwa. Mwen ta renmen pou nenpòt moun k ap koute bann kasèt sa, ki ta renmen tounen epi gen bann kasèt yèswe a. Etidye l lakay ou. Sa—sa konsène etap aktyèl ministè Seyè a ban mwen an. Mwen ta renmen sitou pou minis yo tande sa anvan m vizite legliz yo epi antre lakay yo. Bon mwen ta renmen ke yo—ke yo gen sa. Kounye a, maten an nou te pale sou sijè *Dekont* lan, Legliz la ki prè pou l kite.

⁷ E kounye a aswè a, si Bondye vle, n ap pale sou sijè *Nan Prezans Li*. Epi, o, ala nou remèsye Bondye pou privilèj kote nou ka vin nan Prezans Li. Men, dabò, mwen ta renmen nou tout pran avè m, nan Bib nou pwofèt Ezayi a, chapit 6 pwofèt Ezayi a. Nou tout konnen ke Ezayi te yon pwofèt majè, e youn nan gran pwofèt nan epòk pa l la. Vi l te pran fen lè yo te siye l an ti moso, kòm yon temwayaj, antanke matirize poutèt pouvwa Bondye Toupisan an. Nan liv Ezayi, chapit 6 la, m ap kòmanse nan vèsè 5 lan, pou lekti a. “Alò mwen di: ‘Malè a mwenmenm!’ Paske. . .” Petèt m ap kòmanse ak vèsè 1 an. Ekskize m yon moman. Ann kòmanse ak premye vèsè a pou li desann rive jis apeprè nan vèsè 8 la.

Lanne wa Ozyas mouri a, mwen wè Seyè a, Li te chita sou yon gwo fotèy, byen wo, rad li te plen tout tanp lan.

Serafen yo te kanpe anlè l: yo chak te gen sis zèl. de zèl pou kouvri figi yo, de zèl pou kouvri pye yo, de zèl pou yo vole.

Epi yo t ap pale yonn ak lòt byen fò, yo t ap di: Sen, sen, sen, SEYÈ a, Bondye ki gen tout pouvwa a: epi tout tè a ranpli ak glwa li.

Tout poto kay Bondye a tranble lè bèt vivan yo t ap rele konsa a, lafimen te plen tout anndan tanp lan.

Mwen di: Nanpwen sove pou mwen! Jòdi a m ap mouri vre; paske tout pawòl ki soti nan bouch mwen se move pawòl, Epi m ap viv nan mitan. . . yon pèp ki pa janm gen bon pawòl nan bouch li: lèfini, mwen wè Wa a, SEYÈ ki gen tout pouvwa a, avèk pwòp je m.

Lè sa a, youn nan serafen yo te vole vin jwenn mwen, avèk yon chabon dife nan men l, li te pran l ak pensèt yo sou lotèl la:

Li kole l sou bouch mwen, epi li di m konsa: Sa te kole sou po bouch ou; epi inikite w la disparèt, epi peche w la va padonnen.

Mwen tande vwa Seyè a ki di: Kilès mwen ta voye, kilès ki ta ale pou nou? Mwen di: Men mwen; voye m.

⁸ Ke Seyè a beni Pawòl Li. Mwen kwè sa se yon Ekriti ki vrèman frapan. Nou jwenn ke, nan Prezans Bondye, lèzòm rekonèt tèt yo kòm pechè. Nou ka santi nou byen lè nou deyò a nan diferan plas, pou ap santi nou kanmenm se bon moun, men lè nou antre nan Prezans Bondye, lè sa a nou wè jan nou piti.

⁹ Sa pa fè twò lontan mwen te avèk yon—yon zanmi m ke m te gen privilèj kondui al jwenn Kris la, Bert Call, nan New Hampshire, yon patnè lachas, Nou te kanpe bò kaskad Cold Brook Falls anwo a nan rejyon Adirondack la, epi se te yon sitèlman gwo tonton kaskad. Mwen te mennen fanmi m laba lane pase pou vin gade l. Li byen lwen wout la, ou dwe fè yon ti mache pou jwenn li. E lè nou te wè kouran dlo ble-vèt sa yo k ap djayi ak sitèlman fòs soti nan mòn yo, pou ap koule desann sou wòch yo, Bert te kanpe la epi te gade m, epi l te di, “Wau, Billy, sa fè yon nonm santi l tèlman piti,” li te endike apeprè yon ka pous ak dwèt li. E m te reponn, “Se vre, Bert.” Bon, se te tout sa l te konnen nan antre nan Prezans Bondye, se te kontanple kreyasyon L lan.

¹⁰ M ap mande m nonm ki te ekri *Ala Ou Gran*, Si l pa t leve tèt li yon nwit pou gade zetwal yo, konstate jan yo lwen! Sa gen kèk mwa, Frè Fred, Frè Wood avè m, te kanpe avèk Frè Mc Anally nan dezè Arizona a, Nou t ap mezire, t ap eseye, distans yon etwal, te ye parapò a yon lòt. E ak dè milyon e dè milya de kilomèt de distans, yo pa t sanble tankou yo te gen plis pase yon ka pous

distans youn ak lòt. Lè sa nou te kòmanse ap panse, dapre sa lasyans pwouve sou sijè sa, Zetwal sa yo pwobableman pi lwen youn ak lòt ke nou ye parapò a yo. Ou wè jan sa ye?

¹¹ Alò nou reyalize jan nou piti lè nou reyalize jan Li gran, epi jan nou rive pwòch nan vini nan Prezans Li. Swa yon fason swa yon lòt, antre nan Prezans Bondye toujou pwodui yon gwo efè sou moun. Mwen te deja wè dè moman nan ministè m kote ou te ka wè Prezans Bondye antre yon kote ke sa t ap mennen yon moun pou jis revele vi l, epi denonse peche l ak tout kalite zak imoral, e sa mennen yon tèl silans sakre pami moun yo jouk yo t ap kite liy priye a anvan yo te menm vini pou priye pou yo, epi kouri al bò lotèl la pou rekonsilye avèk Bondye anvan yo vin nan Prezans Li. Ou wè, gen yon bagay lè w antre nan Prezans Bondye, sa lakòz dè bagay rive. Mwen te wè moun kouche sou sivyè ak branka.

¹² Jou swa sa a anba la nan peyi Meksik, lè ti bebe mouri sa a te kouche anba yon dra, ti manman Panyòl la te mennen l devan, ou, pito, ti manman Meksiken an, te mennen l. Lè yo te wè, plizyè milye nan moun sa yo te wè, petèt senkant oswa swasannkenz mil nan yon sèl rasanbleman, yo te wè ti bebe mouri a retounen viv, medam yo te pèdi konesans, moun yo te voye men yo anlè epi t ap rele. Poukisa? Yo te reyalize ke yon èt imen pa t ka fè sa, ke yo te nan Prezans Bondye Toupwisan an. Epi sa te lakòz yon bagay rive.

¹³ Mwen te gen privilèj tande dèzòm sen ap preche. Yo te rakonte yon lè ke Charles Finney, yon ti kanmarad tou piti, pa t janm peze plis pase san dis liv, men li te gen yon fason enèjik pou pale jiskaskè. . . Li t ap teste sistèm akoustik yon bilding yon jou. Yo pa t gen sistèm P.A. lè sa a. E te gen yon nonm ki t ap repare, anwo nan balkon an, oswa anwo sou tèt kay la, e li te tande nonm lan antre, kifè li pa t konn kimoun yo te ye, li te jis rete trankil. E Mesye. Finney ta pral teste akoustik la. Apre l te fin pase anpil tan ap priye pou revèy sa ke l ta pral òganize a, Li te teste vwa l pou wè jis nan ki pwen li t ap rive. Li te monte byen vit sou chè a, e li te di, “Repanti, oswa peri!” E li te di l avèk tèlman fòs—fòs, apre l te fèk soti anba onksyon Bondye, ke nonm lan te tonbe soti anlè tèt balkon an, rive atè, oswa, te soti anlè tèt bilding lan, rive atè.

¹⁴ Li te preche Levanjil la yon tèl fason ke nan Boston, Massachusetts, bò yon ti fenèt bè vitre, paske pa t gen okenn legliz ki te ka kontni foul moun li yo. Li te kanpe la avèk yon enèji tèlman pwisan, e te preche lanfè kòm yon kote, ke travayè ak panyen yo anba bra yo te tonbe nan lari a, ap rele fò pou mande padon. Nan Prezans Bondye! Gran predikatè ki te gen kapasite, ak Pawòl Bondye a, mennen Prezans Bondye bay yon oditwa. Sa pa t ap pase nan lespri w ke lòm ta janm vin gen kè tèlman di jouk yo pa ka janm rekonèt Prezans Bondye. Ou pa t ap panse sa!

¹⁵ Lè premye nonm lan, osito l te peche epi te fè yon bagay ki mal, e lè Bondye te vini nan prezans li, oswa, li te vin nan Prezans Bondye, “Adan,” li pa t ka reziste nan Prezans Bondye. Li te kouri al kache tèt li nan touf bwa a epi l te eseye kouvri tèt li ak fèy figye, paske li te konnen li te kanpe nan Prezans Jewova, Kreyatè a. Se te reyaksyon premye nonm lan, apre l te fin peche e li t ap eseye vin lan Prezans Bondye ak peche nan nanm li. Li pa t ka kache, paske li te sansib toujou. Peche pa t pran rasin nan kè moun tankou jodi a, men li te trè konsyan ke li te kanpe devan Kreyatè li. Bon, li te kache tèt li nan touf bwa e li pa t vle soti, e li pa t ka soti anvan Bondye te fè dè preparasyon pou li.

¹⁶ Nou te ka retounen, epi pran Jenèz chapit 17 ak vèsè 3 a, lè gran patriyach la, Abraham, lè l te vin nan prezans Bondye, epi Bondye te pale avè l (nan chapit 17 la) nan Non Bondye Toupwisan an, Abraham te tonbe fas atè. Gran patriyach sa a, sèvitè Bondye a, pa t ka reziste nan prezans Bondye, menm si l te sèvi L pandan vennsenkan, fidèlman. Men, lè Bondye te antre nan prezans li, patriyach la te tonbe fas atè paske li pa t ka reziste nan prezans Bondye.

¹⁷ Nan Egzòd 3, nou jwenn ke Moyiz, gran sèvitè epi pwofèt Bondye a, lè l te retounen nan fon dezè a, nonm sa a te yon nonm sen. Li te ne pou bi sa a. Li te fèt depi nan vant manman l pou l te yon pwofèt. Li te eseye gen edikasyon l epi fè tout sa l kapab pou delivre pèp li, paske li te konprann ke li te oblije delivre pèp li a, men, nan moman sa li te konprann li nan yon pwennvi teyolojik. Li te fòme. Li te byen enstwi. Li te ka anseye Ejipsyen yo sajès, ki te pèp ki pi entelijan nan mond lan. Li te konn tout ti detay yo. Li te konn Lekriti de A a Z. Li te konn pwomès Bondye te fè yo. Li te konnen yo apati de yon pwennvi entelektiyèl. E li te yon—yon grantòm militè. Men, yon jou nan fon dezè a, lè l te vin nan Prezans Bondye, li te retire soulye l epi li te tonbe—nan pye l, konsyan li te sou yon tè ki sen. Li pa t ka ret kanpe sou de pye l lè l te vin nan Prezans Bondye, li te tonbe fas atè menm jan Abraham te fè a. Li pa t ka reziste nan Prezans Bondye.

¹⁸ Nan Egzòd 19:19, lè pèp Bondye a te chwazi depi byen lontan nan epòk Abraham, Abraham te bay Izarak, Izarak te bay Jakòb, Jakòb te bay patriyach yo, e ane apre ane dèzòm sen te vin devlope, dè granzòm, yon pèp chwazi, yon ras chwazi, yon pèp sanktifye, ki sen, e ki te sèvi Bondye tout vi yo. Epi yon jou Bondye te di: “Rasanble Izrayèl isit la, Mwen pral pale avèk yo.”

¹⁹ Men lè Bondye te desann sou tèt Mon Sinayi a, tout montay la te pran dife, lafimen t ap soti ladan l tankou yon founo, epi Vwa Bondye t ap gwonde, Izrayèl tonbe fas atè, epi yo di: “Kite Moyiz pale, pa Bondye, pou nou pa mouri.” Lòm, nan Prezans Bondye, reyalize li se yon pechè! Poutan yo tout, yo chak, te sikonsi dapre Lalwa. Yo te kenbe kòmandman yo ak tout bagay, men lè Bondye te pale epi yo te antre nan Prezans Li, yo te reyalize ke yo pa t la ditou, yo pa t—yo pa t an règ, te gen yon bagay ki te manke,

poutèt yo te nan Prezans Bondye. Wi. Epi yo te di: “Kite Moyiz pale, pa Bondye, paske si Bondye pale nou tout ap mourir. Kite Moyiz pale avè nou.”

²⁰ Se te nan Lik 5:8, ke lè Pyè. . .oo, lè l te yon grantòm tèt di, epi yon nonm ki te gen gwo enfluyans, anpil pouvwa dapre sa nou konprann. Li te on jan brital, yon pechè pwason tout moun konnen. Men, lè l te wè mirak Bondye te fè ak yon Nonm òdinè, an aparans, se nan moman sa a li te rekonèt ke sa te pran plis pase yon nonm pou mennen tout pwason sa yo nan filè a kote limenm, ak tout edikasyon l, tout konsepsans li nan zafè lapèch, malgre l te pase tout nwit lan ap fè lapèch san menm pran anyen. Men li te tande yon Moun di, “Lage filè w la.”

²¹ E lè l te kòmanse rale, li te gen yon gwo kantite pwason, e li te reyalize ke li te yon nonm ak peche. E li te di: “Elwaye W de mwen, O Seyè, paske mwen se yon nonm ak peche.” Kimoun ki te di sa? Sen Pyè, nan Prezans Bondye, te mande pou Bondye elwaye kite prezans pa l, paske li te rekonèt tèt li yon moun ak peche.

²² Abraham te rekonèt limenm li te “an tò.” Adan te rekonèt limenm li te “an tò,” li ki te pitit Bondye, te rekonèt limenm li te “an tò.” Moyiz te rekonèt limenm li te “an tò.” Izrayèl, antanke legliz ak nasyon, te rekonèt yomenm yo te “an tò.” “Elwaye W de mwen, paske mwen se yon nonm ak peche.” Li pa t eseye di: “Bon, mwen sen e mwen di pou resevwa sa.” Li te di: “Mwen se yon nonm ak peche.”

²³ Yon fwa, yon nonm relijye ak pretansyon, avèk tout teyoloji ke l te ka aprann anba yon gran anseyan ki te rele Gamalyèl, non li te Sòl moun lavil Tas, ke nou konnen kòm Pòl, yon moun ki relijye san fot. Li te konn tout ti detay relijyon yo a. Li te pi Farizyen pase Farizyen yo, epi pi Ebre pase Ebre yo. Li te yon nonm tout moun konnen, yon entelektyèl, entelijan, mastèbrenn, edike, te pretann li te konn Bondye depi l te ti bebe. Men yon jou sou wout li pral Damas, Kolòn Dife sa a te klere sou li e li te tonbe sou. . . ranvèse sot sou pye l, tonbe atè, nan pousyè a, epi te di, “Seyè, kisa W ta vle m fè?” Tout gwo fòmasyon l yo, tout gwo fòmasyon teyolojik li yo, tout edikasyon l pa t vle di anyen lè l te kanpe nan Prezans Bondye.

²⁴ Mwen ta renmen estope la yon minit pou di ke se menm bagay la. Ou te ka gen yon Doktora. an Divinite., yon Doktora. an Filozofi., kèlkeswa sa w ka ye a, ou te ka al legliz depi w te yon timoun, ou ta ka poze tout aksyon relijye ki egziste, men yon fwa ou nan Prezans Bondye w ap santi w tèlman piti e san valè.

²⁵ Pòl te reyalize ke l te gen tò, e li te tonbe atè, anba enfluyans ak Pwisans sa. Lè l te gade anlè e l te wè Bondye menm ke l t ap preche a, epi. . . ke l te kont, e li te panse ke l te konnen, e li te wè ke li te an tò, li te tonbe atè, paske li te nan Prezans Bondye. Li te wè Kolòn Dife sa a.

26 E gran Sen Jan nan Apokalips 1:7 la, lè yo te montre l vizyon an, epi te gade, epi te tandè yon Vwa ki t ap pale avè l? E li te vire gade pou wè Vwa a, e li te wè sèt chandelye annò. Epi Youn ki te kanpe nan mitan sèt chandelye annò yo, ak cheve tankou lenn mouton, je L yo tankou flanm dife, pye L tankou kolòn an kwiv, Li te gen yon sentiwon annò toutotou pwatrin li, e yo te rele L Pawòl Bondye a. Epi lè gran Sen Jan te fin mache avèk Kris, te konn apiye sou lestomak Li, lè l te fin fè tout bagay sa yo! Jan m te di maten an, minisè Pòl te depase tout lòt yo. Men, apre Jan te fin mache avèk Jezi, pale avè L, dòmi avè L, manje avè L, men lè l te wè L kanpe la, nan eta glorifye sa a, li di li te tonbe nan pye L tankou yon moun mouri. Amèn. Reflechì sou sa!

27 Nou ka vin legliz pou ap pale epi louwe Bondye, e latriye, men, oo, frè, lè n ap wè L k ap vini, yon bagay ap diferan nan kè nou! Nou ka panse n ap fè devwa relijye nou lè n al legliz epi peye dim nou. Nou ka panse ke nou respektè lwa legliz pou ap resite tout kredo yo, men annou lanse yon rega sou Li yon fwa, tout bagay la nèt chanje konplètman. Wi, se sèten.

28 Grantòm sa a, Sen Jan, yon gwo zafè konsa, Bib la di nan Apokalips 1:7, ke “li te tonbe kòm si l te yon moun ki mouri.” Apre twazan edmi kominyon fratènèl avèk Kris, li te youn nan moun ki te ekri Epit yo, li te ekri sou Li, te manje avè L sou menm tab, li te dòmi avè L nan kabann, epi li te fratènize avè L tout kote L te ale, men lè l te vire pou wè L, li pa t gen okenn vi nan li ankò. Li te tonbe sou planche a tankou yon moun ki mouri, oswa tonbe atè. Trè byen.

29 Nou wè Ezayi, nan Ezayi 6:5, jan nou jis sot li a, gran pwofèt pwisan sa, li se youn nan pi gran pwofèt ki genyen nan Bib la. Gen swasant sis Liv nan Bib la; gen swasant sis chapit nan Ezayi. Ezayi kòmanse ak Jenèz, mitan liv Ezayi a prezante Nouvo Testaman an, fen liv Ezayi a prezante Milenyòm lan; jis egzakteman Jenèz, Nouvo Testaman an, epi Apokalips. Pafè! Ezayi te youn nan pwofèt majè yo. Men yon jou li te apiye sou ponyèt gran wa Ozyas, yo te pran Ozyas nan men l, e li te vrèman atè. Li te yon bon kanmarad, li te yon bon nonm jis, piske wa jis sa a (yon bon wa) te rekonèt li kòm yon nonm sen epi te kenbe l nan tanp li a.

30 Ezayi te konn gen vizyon. Li te yon pwofèt. Ezayi te preche Pawòl la. Li te yon minis. Ezayi te yon nonm sen. Men, yon jou, pandan l te kanpe nan tanp lan, li te tonbe nan yon ekstaz e li te wè Glwa Bondye. Li te wè Zanj yo avèk zèl pou kouvri figi Yo, zèl pou kouvri pye Yo, ak zèl pou vole, ap rele byen fò, “Sen, sen, sen, Seyè Bondye Toupwisan an!”

31 Pwofèt la te reyalize li pa t anyen. Li te di, “Malè pou mwen, paske mwen se yon nonm ki gen bouch chanèl.” Yon pwofèt, youn nan pwofèt ki pi pwisan nan Bib la, youn ladan yo. “Mwen se yon

nonm ki gen bouch enpi, epi mwen rete pami moun ki gen bouch chanèl. Malè pou mwen, paske mwen wè Glwa Bondye.”

³² Epi li te di, lè Anj sa a te rele byen fò, “poto tanp yo t ap pede sekwe ale tounen.” Frè, sa ap rann ou . . . Non sèlman poto tanp yo pral sekwe, men tout syèl la nè ak tè a pral sekwe lè L ap retounen. Montay yo va al fè wout yo, lanmè a va disparèt, pou ap kriye fò, “Kache nou devan fas Moun ki chita sou Twòn lan.” Sa pral yon moman tèrib. M ap di w, zanmi pechè, ou ta fè mye byen egzamine sa. Se vre.

³³ Bon, Ezayi te di, “Malè pou mwen, mwen se yon nonm ki gen bouch chanèl, epi m ap viv nan mitan moun ki chanèl. E mwen tou, moun sa yo gen bouch chanèl.”

³⁴ Kounye a sonje, si jan de mesye sen sa yo te rekonèt tèt yo “pechè” nan prezans Bondye, kisa pechè ak enpi a pral fè Jou sa a? Kisa moun ki chita nan reyinyon yo pral fè? Kisa moun ki te wè Pwisans Bondye, ki te tandè dekont Pawòl la pral fè, ki te wè Bondye manifeste tèt Li, epi (san lonbraj yon ti dout) chak Ekriti te akonpli, pou toujou ap eseye rive nan Syèl san yo pa ne de nouvo epi resevwa Sentespri a? Bib la di: “Si yon moun ki jis rive sove ak difikilte, kisa k ap rive pechè a ak moun enpi a?” Ki kote nou pral kanpe si nou wè Bondye devwale tèt Li drèt devan nou, epi wè Glwa Bondye menm jan ak mesye sa yo, e kategori moun sa yo te rele byen fò, dè pwofèt ak moun saj ke Pawòl la te repoze sou yo? Si yo te kriye byen fò, epi yo te tonbe sou pye yo, pou ap rele, “Mwen se yon nonm ki gen bouch ki pa pirifye, chanalite,” Kisa sa pral ye lè sa a pou nonm sa a ki pa menm vle konfese peche l yo? Kisa sa pral ye pou ti gason ou tifi adolesan sa a ki pa vle konfese peche l yo? Kisa sa pral ye pou mesye sa a ki gen kè di ki panse li konnen plis sou kreyasyon Bondye a pase Bondye Limenm? Kisa k pral rive nonm sa a ki te pase tout vi l ap eseye demanti Bib la? Ki kote kanmarad sa a pral parèt? Reflechi sou sa!

³⁵ Sa se evanjelizasyon. Sa se tan pou sekwe moun yo. Se moman kote Bondye te di yon tan t ap vini, Li te sekwe Mon Sinayi a yon fwa, men t ap gen yon lòt sekous ankò, kote Li pa t ap “sèlman sekwe Mon Sinayi a, men Li t ap sekwe tout sa ki ka bouje”. Men èske w te remake rès Ekriti a? “Men nou resevwa yon Wayòm ki pa ka bouje!” Alelouya! Tout bagay ki ka sekwe ap sekwe. Syèl la ap sekwe. Tè a ap sekwe. “Syèl la ak tè a ap pase, men Pawòl sa a p ap janm pase. Paske sou wòch sa a M ap bati Legliz Mwen, e pòt lanfè p ap janm gen viktwa sou Li.” Tout bagay ki ka sekwe va sekwe. Men nou resevwa yon Wayòm ki se Pawòl Bondye Limenm, e Bondye se Pawòl Li. Li pa sekwe pwòp tèt Li. Amèn! O, la la! “Men nou resevwa yon Wayòm ki pa ka bouje,” li pa ka sekwe, se sa Pòl ekriven liv Ebre a te di.

³⁶ Yon kalite moun konsa, yon kalite nonm konsa, nan yon moman konsa, epi jan yo te santi yo! Nou menm tou, ak pwòp tèt

nou, nou te wè Glwa Bondye menm jan ak mesye sa yo. Sèten. Nou te wè L. Nou te wè Glwa Bondye menm jan Abraham te wè L. Nou te wè Glwa Bondye menm jan Moyiz te wè L, menm Kolòn Dife a, menm Pwisans Bondye a, menm Kris ki de- . . . revele tèt Li, pou ap montre tèt Li, ap kenbe Pawòl Li nan dènye jou a. Kijan nou ka vini lè sa, pou ap mache epi pran Sa alalejè konsa? Kijan nou ka fè ap pwonmennen epi kenbe kredo ak denominasyon nou yo, epi pa pran Pawòl Bondye a? Kisa sa ap ye pou nou Jou sa a? Kijan sa ap rive avèk nou, apre nou fin wè Glwa Bondye?

³⁷ Gen moun ap mete yo a kote epi y ap pran plezi sou Sa, genyen k ap ri de Sa, genyen k ap rele Sa fanatik, genyen k ap rele Sa telepati mantal, genyen k ap rele Sa Bèlzeboul, genyen k ap rele Sa yon bagay oswa yon lòt. Jan vye pwovèb la di a: “Ensanse yo va mache ak soulye ak klou kote Zanj yo pè mete pye Yo.” Se vre. “Ensanse a di nan kè l’: ‘Pa gen Bondye.’” Lè l wè Bondye manifeste ak pèfeksyon atravè Pwòp Pawòl Li a (pa atravè yon kredo; men atravè Pawòl Li), e apres a mache sou Li pou pran plezi sou Li, se yon ensanse. Poutèt, se, Bondye se Pawòl la, epi Bondye te manifeste tèt Li aklè pou li, e li se yon “ensanse,” Bib la di. Kisa sa pral ye pou li lè l va oblije fè fas a kote sa a? Sa pral—sa pral terib pou nonm sa a Jou sa a, nonm enpi sa.

³⁸ Pechè ki repanti yo, sepandan, pa gen ankenn krentif. O, non. Yon pechè ki repanti, li konnen gen yon Sakrifis ak sa k ap tann, pou pran plas li. Se sa ki ban m konsolasyon. Mwen te wè glwa Bondye. Mwen te santi pwisans Li. Mwen rekonèt touch men pa L. Mwen rekonèt touch chatiman pa L. Mwen konsyan ke L se Bondye. Epi mwen konnen mwen pa diy, men gen Youn ki kanpe la pou mwen. Amèn. Gen Youn Ki kanpe la e ki di: “Papa, mete tout inikite li sou Mwen, paske li te pran pozisyon pou Mwen anba sou tè a.” Alelouya! Lè sa, m ap mache nan direksyon Twòn Bondye a, ak kouraj, avèk gras nan kè m, pou konnen ke se pa akòz bon zèv, men grasa mizèrikòd Li mwen te sove. Se pa sa m te ka fè, ak sa m te ka asosye m, sa m te ka di; men se ak gras Li ke L te sove m.

³⁹ Pa etonan ke powèt ki te sezi sa a, te kriye byen fò, “Gras etonan, ala dous son sa, ki te sove yon malere tankou m. Yon lè mwen te pèdi, men kounye a yo jwenn mwen; mwen te avèg, men kounye a mwen wè.”

⁴⁰ Kijan m ta ka janm al nan Syèl? Kijan w te ka al nan Syèl? Nou pa ka fè sa, noumenm, e pa gen okenn fason pou nou fè sa. Men gen Youn ki te trase chemen an. E Li se Chemen an. E kijan nou rive jwenn Li? Pa yon sèl Espri, Espri pa L, nou batize nan yon sèl Kò ki va resite tankou yon òbit. Nou va kite latè, tankou astronòt nan dènye jou sa a avèk fwa Bondye. Amèn. Se sèten. Pechè ki repanti yo pa gen pou enkyete, gen Youn moun ki la nan plas yo.

41 O, apre nou fin antre nan Prezans Li kounye a, epi nou konnen nou te nan Prezans Li, nou te wè L ap fè dè bagay ke Li te fè lè L te isit la sou tè a. Kijan w fè konnen . . . Kijan w fè pou konnen pye rezen w ap gade a? Akòz de fwi li pote a. Kijan w fè pou konnen legliz kote w ap mache a? Pa fwi li pote a. Jezi di: “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou. Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.”

42 Bon, nou wè Li pa t janm òdone nou pou al fè denominasyon. Li pa t janm òdone nou pou al fabrike kredo. Men Li te avèti nou kont yon tèl bagay. “Paske nenpòt moun ki retire nenpòt bagay ladan L oswa ki ajoute nenpòt bagay ladan L, menm pòsyon ap retranche, pati pa yo a, nan Liv Lavi a.” Ou wè?

43 Kifè, pa t òdone nou pou fè anyen lòt ke rete ak Pawòl sa a. Epi si Bondye voye yon nonm, l ap rete ak Pawòl la, paske Bondye ka sèlman voye w ak Pawòl Li. Ou wè? Ou wè, Li dwe rete pwòch Pawòl Li. Alò lè nou vin nan Prezans Li, lè yon nonm rantre yon fwa nan Prezans Bondye, li chanje pou tout tan, si gen nenpòt chanjman pou li. Bon, gen sa yo ki ka antre nan Prezans Bondye san fè atansyon a Sa. Li pa t destine pou Lavi. Men, si Bondye te predestine l, osito premye kontak la fèt, li rekonèt sa. Sa pran dife.

44 Gade ti pwostitye sa anba la jou sa nan Samari, fanm sa. Li te nan move eta, ni mantalman ni fizikman. Nou konn sa. Men osito li te wè siy sa fèt, konsènan Mesi a, li di: “Nou konnen Mesi a ap vini pou fè sa. Ou dwe se pwofèt Li.”

Li te di, “Mwen se Mesi a ke yo te ekri ki t ap vini an.”

45 Manzè te rekonèt sa. Li pa t janm poze yon sèl kesyon an plis. Li te pati byen vit ak yon responsablite, pou konnen ke si l te jwenn sa epi te antre nan Prezans Bondye, li te responsab pou l di yon lòt moun sa. Alelouya! Wi. Nenpòt moun ki vin nan Prezans Bondye responsab devan Bondye, depi minit sa a, pou l di yon lòt moun. Gade Abraham, gade Moyiz, gade Pyè, gade Pòl. Nan moman yo te antre nan Prezans Bondye, yo te rekonèt tèt yo “pechè,” e yo te sele temwayaj yo ak vi yo. Gade ti dam lan, li pa t ka kenbe ankò, li t al nan vil la epi te di mesye yo, “Vin, wè Nonm ki te di m bagay mwen te fè yo. Èske se pa Mesi a?” Yo pa t ka nye Sa, paske Se te Lekriti. Sètènman. Wi, yo te oblije fè l, nenpòt moun, lè nou gen yon responsablite pou di lòt yo jan Moyiz te fè a, jan Pyè te fè a, jan Pòl te fè a. Apre bagay sa yo, ou te wè L epi ou te vin nan Prezans Li, ou responsab pou Mesaj la al jwenn yon lòt moun. Ou jis pa ka ret trankil avè L. Ou dwe pote L bay yon lòt moun.

46 Mwen sonje yon sè aje ki te konn isi a, manman Frè Graham Snelling, li te konn chita jis la nan legliz la, e li te konn chante, “Mwen apèn travèse! M ap kouri, kouri, kouri, epi mwen apèn travèse, e mwen pa ka rete an plas.” Li te fèk jwenn yon bagay. Mwen t al nan yon ti legliz moun nwa isit la nan Louisville, epi

yo tout te kanpe, ap chante, “M ap kouri monte sou Gran Wout Wa a, mwen fèk jwenn Li, e mwen te pran Gran wout la!”

⁴⁷ Gen yon bagay konsènan sa, lè w jwenn Kris, ou pa ka ret trankil ankò. Pou restan jou w yo ou se yon moun chanje, paske lè lavi rankontre ak Lavi, sa pwodui yon Limyè briyan. Se vre. Lè anpoul la konekte ak fil la, si se yon anpoul ki kòrèk, sa dwe bay limyè; lè kouran an ak anpoul la vin ansanm, pa gen anyen lòt k ap fèt ke simaye limyè. Sa dwe fè l. Epi lè yon nonm oswa yon fanm predestine pou Lavi Etènèl, epi yo wè kouran Bondye a sezi anpoul sa a, l ap voye Limyè tout kote l kapab. Ou ka pa plis pase dis wat, men w ap gaye Limyè w genyen an. Si w pa gen senksan wat, gaye Limyè dis wat. Bay Limyè pa w! “Kite limyè nou klere devan tout moun, pou yo ka wè bon zèv nou yo, epi fè lwanj Papa ki nan Syèl la.” Wi, mesye.

⁴⁸ Lè yon moun antre an kontak ak Bondye, li rekonèt limenm ke l “pa vo anyen”. Kijan yon nonm ka fè mache ap fè gam jan l se yon gwo zafè epi tout sa l fè, alòske li pa anyen? Li pa anyen pou kòmanse. Yon jou nan Memphis, Tennessee, oubyen yon . . . Mwen pa kwè se te Memphis. Se te nan youn nan kote sa yo laba a. Mwen te avèk Frè Davis, ap fè—fè yon revèy. Sa te ka Memphis. Epi nou te, nou t al nan yon estad, epi yo te gen la—se pa t yon estad, se te yon jan de mize pou atizay, epi yo te gen—gen gwo estati yo te reyini apati de diferan rejyon sou tè a diferan pèsanaj tankou, Èkil e latrize, ke gwo atis te pentire sou tablo. E apre sa yo te prezante analiz yon nonm ki te peze san senkant liv. Ou konn yon bagay, ou konn konbyen l vo? Katreven kat santim. Se tout sa l ye. Katreven kat santim se tout—tout pwodui chimik ou ka jwenn nan li. Li jis gen ase lacho pou wouze yon nich poul, epi li gen ase, jis yon ti kras kalsyòm, yon ti kras potasyòm. Tout sa t ap vann pou katreven kat santim. Men, nou jis ap pran swen katreven kat santim sa pou ap dòlote l.

⁴⁹ Te gen de jenn gason ki te kanpe la, youn te gade lòt, te di: “Jim, nou pa vo anpil pa vre?”

Li te reponn: “Non, vrèman pa, Jan.”

⁵⁰ Mwen te di, “Men tann yon ti moman, ti mesye, nou gen yon nanm anndan la ki vo dimil mond, ki la, ki ka rachte ak pwisans Bondye, si w ap jis kite sa fèt.”

⁵¹ Lòm, lè l wè bagay sa yo, li gen responsablite pou di lòt yo. Mwen te wè sa lè m te jis yon ti gason. Mwen te konsakre tout vi m a sa. Sèl regrè mwen se ke mwen gen yon sèl vi, mwen ta swete m te gen dimil. Menm si m te gen Letènite, mwen t ap toujou vle di moun yo konsènan sa, paske se pi gwo bagay mwen te janm jwenn. Si w li nan Ezechyèl 33, chapit 33 nan Ezechyèl, Yo te plase yon santinèl sou tèt yon gwo tou, e santinèl sa a te gen tout vil la anba responsablite l. Amèn. Kounye a, reveye, reveye konsyans espirityèl ou pandan yon minit, letan m jwenn Ekriti sa a. Santinèl sa a te dwe te yon nonm antrene. Li te dwe konn sa

l t ap fè a, paske a nenpòt distans, osito lènmi an, te parèt, li te ka detekte l. Li te ka di jan yo t ap pwogrese, li te ka di koule yo, li te ka dekri pozisyon yo ak jan yo plase. Osi lwen ke je imen te ka wè, li te ka wè sa. Epi li te plase pi wo pase rès lòt yo, poutèt li te antrene pou rekonèt lènmi an. Epi Bondye te rann li responsab pou tout vil la nèt. “Santinèl, kisa k ap pase lannwit?” Alelouya!

⁵² Se konsa sòlda Bondye yo ye jodi a. Yo resevwa fòmasyon pou Pawòl la. Lè nenpòt bagay parèt ki gen yon ti polisaj ladan l, ki gen yon lòt bagay ki pa selon Ekriti a, yo avèti kongregasyon an. Nenpòt bagay ki pa nan Bib la, nenpòt bagay ki pa—ki pa sanble ak Bondye, tankou fè soupe kote yo sèvi soup, dans, ak tout lòt bagay, pou peye pastè yo. Bagay sa yo mal. Jwèt lotri ak jwèt kat nan legliz, se mal! E vrè santinèl la ki sou miray la, ki te deja yon fwa antre nan Prezans Bondye. . . Si l pa t sou miray la, si l sèlman sipoze sou miray la, miray sa a ka pa pi wo pase rès kongregasyon an. Men, si l se yon bon santinèl, Bondye leve l byen wo, nan yon nivo kote rès lòt yo pap janm rive. Men l ap veye sou twoupo a, e Bondye egzije sa de li! Nonm Bondye a ki pran pozisyon nan Prezans Bondye a, e ki konnen ke Bondye se Bondye, ki konnen Bondye kenbe Pawòl Li, epi k ap gade Bondye k ap manifeste tèt Li, pou fè devwa L epi kenbe Pawòl Li, alò pe nenpòt kantite òganizasyon oswa denominasyon k ap eseye detwi Sa, li rekonèt pozisyon lènmi an ak jan yo plase. Amèn. Li konn kisa pou l di kongregasyon an, yon vrè santinèl.

⁵³ Si nou konfese ke Li egziste, nou te nan Prezans Li, epi nou konfese peche nou yo, sa efase liv sa nan memwa L. Pa gen pèsonn apa Bondye ki ka fè sa. Bon, ou ka fè m nenpòt bagay, m ap padone w, men m ap sonje sa. Si m ta fè w nenpòt bagay, ou t ap padone m, men w ap sonje l. Men Bondye ka padone epi bliye sa. Reflechi sou sa, “pa menm sonje sa!” Amèn. Sa fè m santi m byen. Lè w pa ka menm sonje bagay la, anyen pa ka fè sa sinon Bondye. Ankenn lòt ke Bondye kapab fè sa. Li di Li t ap efase l nan liv memwa Li. Mwen pa ka fè l, ou pa ka fè l, paske nou sèlman gen ti sans limite sa yo. Men Limenm enfini, Bondye, Li ka bliye absoliman ke sa te janm fèt. Amèn.

⁵⁴ Yon jèn fi te sot nan yon legliz nan kanpay, e papa l te yon predikatè a lansyen mòd, ki te konn rele byen fò, oswa yon manm legliz. Epi konsa manzè te demenaje al rete nan vil la, e li te tou melanje ak medam anba la, t ap aji menm jan avè yo, ap swiv mòd yo. E yon jou li te on ti jan wont pou papa l ak manman l te vini, ou pito, papa l, manman l te mouri. Kifè granmoun lan, tout sa l t ap fè se te, leve le maten, manje ti dejene li epi pran Bib la pou li L, epi pouse kri ak priye epi rele fò tout lajounen, epi kouri monte desann nan pyès la, e li te on tijan jennen konsènan sa. Kifè se konsa—konsa a nenpòt ki lè nan mitan nwit lan, si l te tonbe sou Bib la epi te kòmanse li L, li te konn soti nan kabann lan, pou ap rele byen fò: “Glwa pou Bondye! Alelouya! O, glwa pou Bondye!” Jis pase mwaye nwit lan ap tape pye l epi ap rele.

55 Konsa, yon jou, manzè ta pral resevwa manm legliz li pou yon ti resepsyon avèk te tankou yo te toujou konn fè, ou konnen, kifè li pa t konn sa l ta pral fè avèk papa l. Malgretou, se te papa l. Alò li te deside li ta pral mete l nan galata a, epi di: “Papa, ou pa vle rete bò kot medam sa yo, pa vre?”

Te reponn: “Non, m pa kwè mwen anvi fè sa.”

56 Te di: “Ebyen, nou pral gen medam legliz yo isi a jodi a, e nou pral gen yon ti reyinyon, yon ti reyinyon priyè. Alò mwen—m ap di w, papa, poukisa w pa jis monte nan galata a?”

Te reponn: “Mwen kwè m ap jis fè sa.”

57 Alò manzè di: “Li bèl liv sa a.” E li te ba l yon jewografi. Li te retire Bib la nan men l pou l te ka ret trankil. Konsa li te konnen si l t ap li Bib la, enben, li t ap fè anpil bri anwo a. Konsa li te jis anwo a sou tèt yo, ou konnen, kote yo t ap fè fèt yo a. Kidonk li te ba l jewografi a, te di: “Sa a byen. Ou ta dwe li l, papa, paske li di w tout verite sou mond lan.”

“O,” li te reponn, “m ap kontan li sa.”

58 Kifè l te di: “Kounye a monte la epi ret byen trankil jouk medam sa yo pati, e apres a m ap . . . w ap ka desann ankò epi w ap ka fè sa w vle.” Li te dakò pou fè sa. Kifè li monte eskalye yo, t al chita la.

59 Epi yo tout t ap fè fèt ap bwè te yo, ou konnen, ap pale de *entèl-entèl*, e ou konn kijan sa ye, lè w vrèman ap pran plezi w. Epi apeprè nan moman sa a yon bagay te eklate anwo eskalye yo, rèl ak sote, epi moso masonri yo t ap dekolè tonbe. Granmoun nan t ap kouri monte desann atravè tout galata a jis ak tout vitès posib, ap sote ponpe, epi ap rele byen fò: “Glwa pou Bondye! Glwa pou Bondye!” Medam yo pa t konn sa k t ap pase anwo a la, sa k te genyen anlè tèt eskalye a. Kidonk men li k ap desann eskalye yo, osi vit li te kapab.

Manzè di: “Papa, m te ba w yon jewografi pou w li.”

60 Te reponn: “Wi, mwen konn sa. Ou konnen,” te di, “Mwen li nan liv jewografi sa a ke gen kote nan lanmè a ki pa gen fon.” Epi te di: “Yon lòt kote la mwen te li nan Bib la yè, Li di ke L te met peche m yo nan ‘lanmè bliye a’. Glwa pou Bondye! . . . ? . . .” Te di: “Yo toujou ap anfonse. Yo pa gen fen, yo jis kontinye ap anfonse.” Se vre. Epi li t ap rele fò konsènan sa. Ebyen, se vre.

61 Bondye mete peche nou yo nan lanmè bliye a, efase yo, e se kòmsi yo pa t janm rive. O, la la! Alò nou kanpe ak gras Bondye, atravè Jezikri Seyè nou an, pi epi sen, jis sen menm jan L te ye, paske Li pa wè m lè m prezante tèt mwen la, Li wè Pwòp Pitit Li a. Sèl fason Li ka wè . . . li pa ka wè m, paske mwen nan Pitit Li a. Epi Li wè sèlman Pitit Li a. Èske sa pa mèveye? Nou pa oblije ap panse a peche ankò, tout sa disparèt, sa anba San an. Wi, mesye. Nou pa bezwen enkyete nou pou sa ankò, tou sa al fè wout li, epi soti nan memwa Bondye. Li pa menm sonje sa ankò.

⁶² Ezayi, pwofèt pwisan sa a, lè l te konfese peche l yo, li te di, “Malè pou mwen, paske mwen se yon nonm ki gen bouch chanèl.” Yon pwofèt! “Mwen se yon nonm ki gen bouch chanèl, epi kongregasyon mwen chanèl.” Ou wè? “Moun m ap preche yo, yo pa pi. Mwen pa pi. E malè pou mwen. Men men yon gwoup Zanj k ap desann soti nan Glwa Bondye, k ap repouse nyaj—nyaj yo, epi m te leve tèt mwen la e m te wè trèn rad Li ranpli tout Syèl la nèt. Epi m t ap obsève Zanj sa yo ki pa t janm konn sa peche ye. Yo pa t janm menm konnen sa peche te ye, epi la, nan prezans Bondye, Yo te gen de zèl sou figi yo, yo te gen de zèl sou pye yo, epi yo t ap vole ak de zèl, e yo t ap kriye lajounen kou lannwit, ‘Sen, sen, sen Seyè Bondye a.’” Fyouw. Sa t ap rann ou yon ti jan enpi, pa vre? Bon, kisa l te fè? Li te di, “Malè pou mwen.”

⁶³ E lè l te konfese peche l yo epi te di “malè pou mwen,” Zanj lan te ale, te pran pensèt yo, te ramase yon chabon dife ki te reprezante Sentespri a ak Dife, epi l te vini, epi mete l sou bouch pwofèt la, pou di: “Mwen pirifye w.” Alò zèl yo t ap bat lè sa *konsa*, te pouse rido tan an, e li te tandè Bondye di: “Kimoun ki pral avanse pou Nou?”

⁶⁴ Men apre li te dekouvri ke te gen yon fason pou debarase peche, Bondye te vle yon moun ale pou Li, epi li te di: “Men mwen, voye m.” Li te nan Prezans Bondye, e li te konfese peche l yo, epi li te pirifye de peche l yo, e li te prè pou bay sèvis. Amèn.

⁶⁵ Jan powèt ki te sezi sa a, te eksprime l:

Dè milyon moun kounye a ap mouri nan peche
ak wont,
Koute rèl tris e anmè yo;
Prese, frè, prese al pote yo sekou;
Reponn rapidman: “Mèt, men mwen.”

⁶⁶ Lè m ap panse a Lafrik, Lend, ak toutotou mond lan, dè milyon payen k ap rele epi k ap kriye pou mizèrikòd, kimoun ki prale? Se pa distribye yon ti papye, men mennen Jezikri ba yo. Yon moun ki nan Prezans Li, tankou Moyiz, ki te ka desann la pou montre yo vrè delivrans. Se pa fè yo asosye ak yon legliz, oswa bay lanmen pou gen yon kredo, men pote delivrans bay nanm yo; yon bon òm pye. Wi, Ezayi te konfese peche l yo e li te pirifye.

⁶⁷ Apre Jakòb te fin lite tout lannwit, nan konfese peche l yo, ou sonje kote l te ye a? Li te rele Penyèl, P-e-n-i-t-è-l, Penyèl. Mo *Penyèl* la, an Ebre, vle di “fas Bondye Toupwisan an.” Jakòb, ti malonèt la t ap kouri tout . . . non li te *Jakòb*, ki vle di “twonpè,” sa se magouyè, li t ap kouri pandan tout vi l, lwen Bondye, men lè l te rive yon fwa nan Prezans Bondye nan Penyèl, nan figi Bondye, li te met men sou Bondye e li pa t vle lage L. Bondye, nou bezwen plis Jakòb. Li te kenbe fèm devan fas Bondye, nan Prezans Bondye, li te rete jouk solèy leve. Bondye di: “Kite M ale, paske solèy la ap leve.” E li te rete devan fas Bondye jouk solèy leve, men li te pati jistifye e sove. Huh.

68 O, ala yon gwo bagay sa te ye, kounye a, pou konnen ke li te goumen nèt ale. Sa se, li te konn wè siy Bondye yo, li te konn fè rèv konsènan Bondye, men sa se te sèl fwa li te fas a fas ak Bondye, nan Prezans Bondye. Panse a sa, zanmi. Kounye a, pandan n ap fè vit. Nan Prezans Bondye, yon nonm chanje. Jakòb te chanje. Kounye a li te ka mache avèk Bondye. Wi, li te yon nonm diferan de sa l te ye lè l te monte la. Batay la te fini kounye a. Wi, mesye. E li te kòmanse bati yon lotèl. Li pa t abitye bati lotèl, ou konnen. Men, m ap di w, lè w vin nan Prezans Bondye, ou vle bati yon lotèl yon kote. Ou vle jwenn yon plas kote w ka priye. Li te bati yon lotèl. Li te pirifye, e Bondye te ranpòte viktwa.

69 E Jakòb te chanje de *Jakòb*, yon “twonpè,” pou vin *Izrayèl*, “yon prens, ki gen pouvwa avèk Bondye.” Se sa ki te rive Jakòb. Twonpè a, magouyè a, moun ki enjis la, moun ki enpi a, magouyè a, ki te twonpe frè l la, ki te vòlè dwadenès la, jan sa te fèt la, nan men frè l, li te sèvi ak yon ti fason sal pou fè sa, ala yon magouyè. Li te twonpe bòpè l. Li te sèvi ak branch pepliye pou l te rann ti bèf yo fèt ak tach, lè manman bèf ansent yo te konn vin la, pou gade sa, ak mouton yo. . . t ap gade branch tache sa yo e yo te bay yon twoupo ak tach sou yo, te ba yo tach nesans. Twonpè, k ap twonpe pwòp bòpè l. Li te twonpe manman l, te twonpe papa l, te twonpe frè l, men lè pou yon fwa li te rive nan. . . Li te yon magouyè. Li te toujou ap kouri, tout kote l ale, toujou ap kouri lwen Bondye, li t ap kouri lwen frè l. Men lè l te vin nan Prezans Bondye, li te rekonèt ke l te yon pechè. Kisa l te fè? Kisa l te fè? Li te wè opòtinite pa l. Li te rankontre yon bagay ke l pa t menm panse anvan, e li te rete la jouk tout peche te pati ale. O, la la! Bondye mete l nan Pwòp Prezans Li.

70 Bondye jere yon fason pou mennen lèzòm nan Prezans yo, lè sa yo pran desizyon yo. Gen nan yo ki kouri kite L, genyen ki kouri al jwenn Li. Si yo predestine pou Lavi, yo kwè Sa, yo akwoche a Sa. Sinon, yo eseye pran distans pou ap di: “Pa gen anyen serye nan Sa.” Ou wè? Sa a se endividi ki pèdi a. “Zanmi ki konfese peche l la, va gen padon. Si w kache peche w, ou p ap pwospere.” Non.

71 Kifè Jakòb lè li, ou konnen, nan demen li te rankontre Ezaou frè li. Li pa t bezwen okenn èd nan men l lè sa a. Li pa t bezwen lame l yo. Li te okipe ap bati lotèl. Li pa t pè Ezaou ankò.

72 Sòm 16:8, David di: “Mwen mete Seyè a devan m.” Se yon bon bagay pou fè. Sòm 16:8: “Mwen mete Seyè a devan m.” Kifè, li pa t ka nan konfizyon sou sa. Li te vle pran konsyans de Prezans Li, kifè David te di: “Mwen toujou mete Seyè a devan fas mwen. Kounye a mwen menm, David, mete Seyè a devan fas mwen, pou m toujou konsyan—konsyan de Prezans Bondye.” Èske sa pa t ap yon bon leson pou nou tout aswè a? Mete Seyè a devan fas nou pou nou ka pran konsyans de Prezans Li. Mete L an premye. Poukisa? Mete L an premye, devan w. Poukisa? Alò ou p ap peche

lè w reyalize ke w ap toujou nan Prezans Bondye. Lè w reyalize Bondye la, ou siveye sa w ap di.

⁷³ Yon nonm, lè l panse Bondye pa la, l ap bay madichon, l ap konvwate fanm, l ap fè . . . l ap vòlè, twonpe, bay manti. L ap fè nenpòt bagay lè l panse ke Bondye pa wè l. Men mennen l nan Prezans Bondye, l ap sispann sa drèt la. Ou wè? E David di: “Mwen toujou mete Seyè a devan m.” Sa se yon bon bagay. Se pa etonan Bondye te di li te yon nonm selon Pwòp kè L. Lòm ap fè tout bagay lè l panse ke Bondye pa toupre. Men lè l reyalize ke Bondye toupre, èske w te janm remake yon pechè? Kite yon moun ki sen prezante, l ap sispann sèman, si l gen nenpòt ti respè a. Ou wè? Li p ap bay blag sal ke l te ka rakonte yo. Ou wè? Ou wè, l ap kite sa, paske li konnen li nan Prezans Bondye, paske Bondye abite nan tabènak pèp Li. Ou wè?

⁷⁴ Apre David te fin fè sa, li di: “Kè m va rejwi.” Mwen swete n ap li l, Sòm 16. “Kè m va rejwi, e chè m va repoze nan espwa.” Poukisa? Kè m va rejwi paske m gen Bondye devan m tout tan. “E chè m va repoze nan espwa; si m mouri, m ap resisite ankò. Paske Li p ap pèmèt Sen Li a wè kòripsyon, ni Li p ap kite nanm Li nan lanfè.” Ou wè? Lè David te mete Bondye devan l, e li te konsyan ke li te toujou nan Prezans Bondye. “Chache Wayòm Bondye a dabò.”

⁷⁵ Kounye a koute, legliz, mwen renmen w. E mwen vle nou koute m kounye a. Jan Frè McCullough te konn abitye di: “M pral di yon bagay.” Toujou mete Seyè a devan w, epi pa fè anyen ke w pa t ap fè nan Prezans Li, paske L ap veye sou ou. Ou wè? Seyè a kanpe bò kote sa yo ki gen krentif pou Li. Li pa . . . Li jis rete toupre w. E Li konnen tout sa w ap fè, e ou dwe rekonèt sa. Lè w kòmanse bay manti, pa fè l, sonje, Bondye ap koute w. Si w kòmanse fè yon ti triche, pa fè l, Bondye ap gade w. Si w kòmanse pran Non Li pou gremesi, pa fè sa, Bondye ap koute w. Kòmanse fimen yon sigarèt, L ap siveye w. Ou wè? Li . . . Nou te konn chante yon kantik: “Tou sou wout ki mennen nan vrè kay nanm lan, gen yon je k ap veye w; chak etap ke w franchi, gran je sa a reveye, gen yon je k ap veye w.” Sonje, fè tankou David, toujou mete Seyè a devan w. Alò kè w va rejwi e chè w va repoze nan lespwa, paske Li te pwomèt sa. Wi, mesye. Li te konnen ke li t ap resisite paske Bondye te pwomèt sa. Trè byen.

⁷⁶ Lè nou vin nan Prezans Li, nou chanje, pou nou pa janm menm lan. Gade atravè tout aj yo nèt ap desann, nan tout kalite eksperyans lavi, pami lòm. Gade Abraham. Ou di: “Ebyen, lavi chanje se jis pou minis yo.” Oo, non. Lavi chanje se pou tout moun. Ou wè?

⁷⁷ Bon, Abraham te yon kiltivatè, men lè l te tandè Vwa Bondye ap pale avè l, e l te wè vizyon sa a, li te yon nonm chanje depi moman sa. Li te separe tèt li de fanmi l yo, de tout asosye l yo, e li te mache tankou yon pèlerin e yon etranje, nan yon peyi etranje,

pou rèsvi l, pou ap abite anba tant, paske li te konfese byen klè ke li t ap chèche yon vil ke Bondye te Achitèk e Konstriktè a. Li te konnen te gen yon Bondye, e te gen yon vil yon kote ke Bondye te Achitèk e Konstriktè a. Se sa Ebre 11 di nou, ke li t ap chache yon vil ke Achitèk e Konstriktè a se te Bondye. Li te yon nonm chanje, poutan li pa t anyen ke yon senp kiltivatè. Men li te wè yon vizyon e li te vin nan Prezans Bondye, e li te yon nonm chanje depi lè sa a.

⁷⁸ Moyiz, li te yon bèje, men li te yon nonm chanje lè l te vin nan Prezans Bondye. Li te yon lach, li t ap kouri pou Farawon, ak yon lame antye ki t ap swiv li. Men ak yon baton nan men l, li te retounen epi li te pran tout nasyon an. Ou wè? Poukisa? Li te vin nan Prezans Bondye. Li te yon nonm chanje, yon bèje.

⁷⁹ Pyè, yon pechè pwason, pa t konn anyen sou lapèch. . . oswa pa t konn anyen sou Bondye, sèl bagay li te konnen petèt se te kòman pou l te atrape pwason. Men lè l te vin nan Prezans Bondye, pou wè gran Kreyatè Ki te ka kreye pwason an, lè L te mande l lage filè yo pou lapèch la. Pa t gen okenn pwason la, li te fèk fin rale filè l yo. Men li te di: “Sou Pawòl Ou, Seyè. mwen kwè ke Ou se Fis de Dye a, e si W kite. . . si m lage filè a, Ou mande m pou fè l; sou Pawòl Ou, paske Ou menm ak Pawòl Ou se menm lan, m ap lage filè a.” E lè l te kòmanse rale, li di: “Elwaye w, Seyè, mwen se yon nonm ak peche.” Ou wè, yon pechè pwason, apre Pyè te rankontre Kris li pa t janm menm lan ankò. Limenm, apres, te tèlman fidèl a Bondye, yo te ba l kle Wayòm lan. Wi, mesye.

⁸⁰ Pòl, yon Farizyen byen patikilye, edike epi byen fòm nan tout relijyon. . . ki te gen nan mond lan nan jou sa a, youn nan save ki pi elve yo te konnen nan peyi a. Men lè l te vin devan Kolòn Dife sa a yon jou, Bondye ke l te pèsekite, nan inyorans lan. Li te yon Farizyen, li pa t kwè ke Bondye te yon Nonm. Li te konnen Bondye se te Kolòn Dife a, Ki te kondui pèp Li soti kite Lejip, Li te avèk yo tout tan. Men lè l te wè Kolòn Dife sa, li te tonbe fas atè. Epi li te tande yon Vwa ki di: “Sòl, poukisa w ap pèsekite M?”

Te reponn: “Kimoun Ou ye, Seyè?”

Li di: “Mwen se Jezi.”

⁸¹ Li te yon nonm, ki te di: “Kijan w te batize?” Li t al nan Prezans Bondye. Li te yon nonm chanje depi lè sa a, li t al nan Prezans Bondye. Sa chanje yon nonm.

⁸² Charles G. Finney, yon avoka, yon gwo avoka Filadèlfi, men lè l te vin nan Prezans Bondye li te abandone etid lalwa li pou vin yon predikatè ki pi pwisan nan nasyon sa ki te janm genyen.

[Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . . te yon predikatè, paske yon jou li te vin nan Prezans Bondye. Li te panse, yon fwa, li t ap etidye ministè a. Ou konn liv li a. Mwen gen byografi l ke li ekri. Li te soti al priye. Li te panse li te yon predikatè. Li te gen yon

dezi, li te vle preche, e li te jwenn kèk predikasyon li t ap eseye preche. Li te soti yon jou, soti nan biwo l, pou priye, te soti al nan bwa forè yo. Li te desann dèyè yon vye pyebwa ki te rache, kote l te konn ale chak apremidi. Trè relijye, men li pa t kwè nan Sa a.

Te gen de dam nan legliz la, ki te kontinye ap di: “Mesye. Finney, n ap priye ke w va resevwa Sentespri a.”

Li te reponn: “Mwen gen Sentespri.” Te di: “Mwen se yon predikatè.”

⁸³ Te di: “Mesye. Finney, ou se yon grantòm, e ou byen konprann Pawòl la, men ou bezwen Sentespri a. N ap priye pou ou.” Bèl ti medam.

⁸⁴ Alò li te kontinye, kontinye. Konsa, chak jou li te konn al dèyè biwo kote li t ap travay la, bès li ansanm ak tout kòlèg travay li yo, e li te konn kite biwo avoka l la pou soti deyò la al priye. Epi yon jou, li t ap priye deyò a, li te tandè yon ti branch bwa kase. Li te panse ke bès li t ap vini, ap chache l. Li te sote byen vit. Li t ap di: “Seyè Bondye, mwen kwè Ou.” Epi kèk branch te krake, li di: “Uhm! Uhm! Uhm!” te leve e di, li te gade toutotou, pou wè kisa ki te krake branch lan. E se te lè sa li te antre nan Prezans Bondye. Li te reyalize ke branch sa te krake pou yon rezon. Li te kanpe la, dlo t ap koule desann sou machwè l yo. Li te di, “Petèt medam sa yo gen rezon. Mwen wont pou yon moun wè m ap pale ak Bondye m lan, men mwen ta panse se te yon onè pou yon moun wè m ap pale ak bès mwen. Konbyen fwa Seyè m lan pi gran pase bès mwen!” Te di: “Seyè, padonnen m epi ranpli m ak Sentespri a,” li te kòmanse rele epi rele fò. Li te nan Prezans Bondye. Li kouri anba lavil la byen vit nan biwo l. Li te kòmanse rele tèlman fò ke l te oblije al dèyè pòt la, te di, “Seyè, m ap mennen wont sou Ou. Kache m isit la jiskaske m fin pase kriz sa a.” Poukisa? Li te vin nan Prezans Bondye. Li te yon nonm chanje. Predikasyon li te konn abitye preche yo, li te preche menm mesaj sa yo e nanm yo te vin a lotèl. Ou wè, li t al nan Prezans Bondye.

⁸⁵ Moody, yon vyek ti kòdonnye soulye, apèn konn ABC l. Se vre. Gramè li te fèb. Yon moun te di l yon jou, “Gramè ou pa bon menm, Mesye. Moody.”

Li te reponn: “Men m ap genyen nanm avè l.” Kidonk . . .

⁸⁶ Yon jou jounal yo, responsab an chèf edition an ta pral ekri yon bagay nan jounal la. Li te ale pou wè kijan nonm sa te fè ka kenbe foul moun nan nenpòt kondisyon, yon vyek ti kanmarad, chòv, ak tout bagay, e l te gen moustach pandye desann nèt anba, on jan de gwo vant, e li te yon nonm ki te gen yon aparans tèrib pou gade. Kifè jounal sa te vrèman kritike l, te di, “Mwen pa wè kisa yon moun ta wè nan Dwight Moody.” Te di: “Li lèd, vwa l dezagreyab, li gen moustach ki desann jouk nan tay li, li chòv tankou yon joumou.” Epi te di: “Kòman sa posib pou yon moun ta janm ale pou wè yon bagay nan Moody?”

⁸⁷ Kifè sa te rive ke manadjè Moody a te wè sa, li te di: “Gade, Mesye. Moody, m ap li sa pou ou.” Moody pa t ap ka li l limenm. Konsa, li te di, “M ap li editoryal la.” E se li ki te ekri l.

⁸⁸ Moody te jis leve zèpòl li, te di: “Sètènman pa, yo vini pou wè Kris.” Se te fini. Poukisa? Li t al nan Prezans Bondye. Pase de moun k ap fè semel soulye, pou moun yo itilize; li t ap met soulye nan pye moun yo ak Levanjil k ap prepare a. Poukisa? Li te nan Prezans Bondye. Dakò.

⁸⁹ Yon jou, yon ti fanm te antre nan Prezans Bondye, osi koupab ke posib. Nan yon moman kote li te reyalize ke l te nan Prezans Bondye, tout peche l te padone epi li te pirifye e blan tankou flè lis la. O, la la! Mwen te ka nonmen plis moun la, men tan pa t ap pèmèt mwen.

⁹⁰ Men, mwen ta renmen pale yon ti kras de tèt mwen. Kisa k te ka desann pi ba pase m? Ki kote m te ye? Soti nan yon fanmi tafyatè, soti nan yon fanmi asasen, soti nan yon fanmi kontrebandye alkòl. E nou konn sa, nou tout konn sa, nou konnen kijan de repitasyon nou te genyen isi a. Moun pa t pale avèk nou nan lari. Mwen ta ka ap desann anba lavil, kòmanse pale ak yon moun, pèsonn pa t ap pale avè m sòf si pèsonn pa t nan viwonn lan. Yo te konn ap pale avè m, si yon lòt moun te rive, yo te konn kite m la. E m te konn kanpe la pou ap kriye: “Non, se pa vre, se pa posib. Se mal.”

⁹¹ Men yon jou mwen te antre nan Prezans Bondye. Li te chanje m e te fè m tounen yon lòt jan de pitit gason. Gras Li te mennen m nan Prezans Li. Mwen pa t janm vle kite L. Mwen te antre la sa fè trant kèk lane biza. Mwen pa vle kite L. Mwen gen asirans ke m ap toujou La. Menm lanmò limenm p ap janm separe m de Prezans Li. Non. M ap avè L pou tout tan. Lè m te wè Prezans Li premye fwa, m te kriye tankou Ezayi: “Malè pou mwen.” Alò Li te touche m avèk gras Li. Mwen te yon moun chanje. Ti rebèl ki te konn soti al flannen ak tout bagay konsa, te chanje, e depi lè sa mwen te vin pitit Li. Depi lè sa, mwen te anvi bay tout vi m pou sèvis Li, m sèlman swete m te gen di mil vi an plis pou m bay pou Li. Sa a byen defrechi pa mal kounye a, senkant-twa zan gentan pase. Apeprè trant twa nan sa yo te, oswa trant de nan sa yo te dedye nan Levanjil. M swete m te gen mil lòt ke m te ka depanse. Poukisa? Lè yon fwa m te antre nan Prezans Li epi m te reyalize ke te gen Yon Moun Ki te renmen moun ki pa diy pou renmen, te gen Yon Moun ki te renmen m lè pa t gen lòt moun ki te renmen m, te gen Yon Moun Ki te pran swen m lè okenn lòt moun pa t pran swen m. Mwen antoure kwa L la ak bra m, mwen te anbrase l pou mwen, e mwenmenm avè L te vin youn lè sa. E depi lè sa mwen renmen L. Li te fè yon tach sou lestomak mwen ak kè mwen ak San L, nan manyen m epi padone peche m yo, e mwen kontan aswè a pou m vin youn nan pa L yo. Mwen pa janm vle kite plas Selès sa, menmsi tantatè a pou konvenk mwen te souvan eseye; men mwen an sekirite nan tant Bondye a,

e mwen kontan nan lanmou ak gras Li, e m ap viv bò kote ki gen alelouya yo. O la la! Sa rejwi kè m.

⁹² M ap rekòmande L bay tout moun ki bouke. M ap rekòmande L pou noumenm ki pa gen espwa. Ou menm ki pa t janm antre nan Prezans Li, sèl bagay ou dwe fè se konfese peche w yo epi reyalize ke w gen tò, e Bondye te òdone Zanj sa aswè a, ki rele Sentespri a, ki va retire tout peche nou yo. Alò ou va kriye: “Seyè, men mwen, voye m.” Alò ou va leve men w epi chante: “Mwen va louwe L! Mwen va louwe L! Lwanj pou Ayo ki te sakrifye pou pechè yo. Ba L glwa, nou tout moun yo, paske San Li te lave chak tach.” Mwen renmen L. Pa ou? Viv nan Prezans Li!

⁹³ Mwen te vin sou chè a isi a maten an, te santi m tèlman mal e tèlman malad poutèt . . . Mwen—mwen te desann nan Kentucky semèn pase a avèk kèk zanmi pèsònèl ki chita la. Si m te rete la twò lontan, yo t ap touye m, se sèten yo t ap fè l, avèk jantiyès, kèk nan pi bon kwizinye m te janm konnen nan vi m. E lè m atenn limit kapasite m, boure konplètman: “Frè Branham, èske ou ta renmen yon pòsyon nan sa?” Epi sa tèlman bon, ke m jis ap eseye fòse l desann. Vant mwen te tèlman plen ke m jis pa t ka menm bouje. Mwen—mwen pa t ka dòmi, mwen te leve kanpe pou al mache toutotou yon ti kras. E m pa t santi m trè byen lè m te rive isi la maten an. Men kou m te antre nan Prezans Li, sa te regle. Sa te regle, tout bagay te disparèt lè sa a. Se vre. O, pou ap viv nan Prezans Li!

Mwen va louwe L, mwen va louwe L,
Lwanj pou Ayo ki te sakrifye pou pechè yo;
Ba L glwa nou tout moun yo,
Paske San Li te lave chak tach.

Annou koube tèt nou kounye a.

[Frè Branham ap fredonne *Mwen Va Louwe L*—Editè a.]

Paske Li tèlman fè anpil pou mwen;
Li padonnen transgresyon mwen;
E San Li te lave peche mwen.

Mwen va louwe L, mwen va louwe L,
Lwanj pou Ayo ki te sakrifye pou pechè yo;
Ba L glwa nou tout moun yo,
Paske San Li te lave chak tach.

[Frè Branham ap fredonne *Mwen Va Louwe L*—Editè a.]

⁹⁴ Kounye a si w isi a aswè a . . . E mwen konnen Prezans Li isi a. Mwen te andan la sa fè yon ti moman, pou yon tifi ki soti nan Legliz de Dye, Sentespri a te desann sou mwen pandan m t ap priye pou timoun sa a. Paran yo te soti nan kan Legliz de Dye nan Anderson. Epi siveyan laba a, ki konn timoun lan, doktè yo di “èske . . . li dwe mouri touswit, ak lesemi.” Tifi a, yon tifi janti, ki te nan faz tèminal li kounye a. Li te vin deyè a la epi li te lonje ti men l ban mwen, tout anfle, akòz zegwi ak tout sa yo te enjekte

ladan l, tou ble. Mwen te gade l, mwen te wè yon vizyon. Paran yo te jis ap li yon liv laba a. Yo pa t konn anyen sou sa. Siveyan jeneral nan kan an anwo a te di yo, li te di mennen timoun lan isi a. Yo te vle retounen lè nou te gen yon sèvis gerizon. E mwen te di: “Mennen timoun lan kounye a,” mwen te santi m kondui.

⁹⁵ Lè m te kanpe drèt anndan la, Sentespri a te retounen epi te revele istwa timoun lan. Li te di tout bagay sou kijan sa te rive, kisa yo te fè. Te di anbisyon tifi a, se te vin yon pyanis. Epi manman an te prèske kriye byen fò. Epi papa a te di, “Sa se verite Bondye.” Yo chita la nan machin yo, ap koute sa, yo pa t ka antre, yo chita la, ap koute sa kounye a.

⁹⁶ Men yon gwo vwal yon lonbraj ki te pandye anlè timoun lan,. E m te di: “Satan, ou pèdi.” “Bondye, Ou pa gen patipri. E ak pwisans rezirèksyon W lan, e antanke sèvitè W, mwen chase demon sa sou timoun lan.” Yon gwo Limyè briyan te klere anlè tèt li, se te fini. Amèn. Huh? Sèten, Li merite tout lwanj!

⁹⁷ Li konn tout bagay. Li konn kè w. E ou konn sa w ap panse; Limenm, tou. Si gen yon ti peche ki pandye sou ou aswè a, epi ou pa ta vle al nan Prezans Bondye ak sa sou ou, èske w ta vle leve men w ankò pou di: “Frè Branham, priye pou mwen, mwen vle nan Prezans Li Jou sa, san kilpabilite.” Bondye beni w. Anpil men, Bondye wè yo. Nan Prezans Li. Kounye a m ap di w kisa pou w fè. Kounye a jis koute byen. Fè tankou David te fè a, mete Seyè a devan w kounye a. Mete Seyè a ant oumenm e peche sa a, kèlkeswa ti peche anvayisan sa a ye. Se ka bay manti, se ka vòlè, se ka movèz panse, se ka kòlè, sa ka bwè, sa ka fimen, sa ka jwe aza. M pa konn kisa. Sa ta ka konvwatiz. Sa ta ka nenpòt bagay. M pa konn kisa sa ye. Kèlkeswa sa l ye a, mete Seyè a devan w. E lè sa kè w va rejwi, e chè w va repoze nan espwa, paske nou konnen ke Kris te pwomèt Li t ap resisite nan dènye jou yo. Lè L ap vini, nou va vini dapre resanblans Li. Èske nou pa vle fè l kounye a, pandan n ap priye?

⁹⁸ Papa nou ki nan Syèl la, yon ti mesaj tchake, pote pa yon sèvitè fatige bouke. Men mwen t ap reflechi sou sijè sa: “rete nan prezans Bondye.” E nou wè aswè a efè sa te fè sou dèzòm sen pou yo te antre nan Prezans Ou, ki efè sa te fè sou yo. Saj yo, gran pwofèt pwisan òdone pa Bondye, epi ke yo te voye preche Pawòl la, men lè yo te rankontre l fas a fas epi tonbe atè tankou yon moun ki mouri. Kisa nou pral fè nan jou sa, Seyè? Nou te reflechi sou sa. Nou te panse a sa. Apeprè karant oswa senkant men t ap panse a sa, Seyè, paske yo jis leve men yo, oswa kè yo ki anba men sa yo, yo te panse rankontre L depi nou t ap pale a. Kisa yo t ap fè si yo ta dwe rankontre L?

⁹⁹ Men pa m, Seyè, leve. Kisa m pral fè? Kounye a, Papa, m gen anpil bagay ke m fè ki mal. M te jis konfese peche m maten an devan legliz, pandan m t ap konfese sa ba Ou sou tèt mòn lan lòt jou maten lè van an t ap soufle epi nèt t ap tonbe, epi anwo

la a sou tèt mòn lan, jan m te kriye epi mande W padonnen m pou bagay estipid mwen yo. E jan m te pè vin devan frè m yo, ke kèk nan yo konsidere m kòm pwofèt-sèvitè Ou. Epi, Seyè, sa te fè m mal anpil pou m te vin devan yo epi pale sou yon zak estipid konsa, pou m te ka fè yon bagay konsa, men, Bondye, li bon pou nanm mwen ke m konfese peche m yo pou m pa kache yo. Kifè, pou m onèt avè W epi san repwòch devan moun, mwen te konfese l, Seyè. Mwen gen tò, mwen gen tò nèt. Mwen mande padon.

¹⁰⁰ Epi apres, Papa, mwen te pran tan pou Ou, pou sèvi W, anpil fwa mwen te ka petèt kontinye pi lontan, men mwen pa t fè l. Papa, mwen konfese peche m yo. Mwen vle Zanj Bondye a netwaye m de sa, ak San Jezi a. Lòt men ki te leve aswè a, kèk nan yo petèt pa t janm mande padon anvan; men mwen sèten de yon bagay, si nou konfese peche nou yo, Bondye ap efase yo, mete yo nan lanmè bliye a pou pa janm sonje yo ankò—jamè ankò. Epi, Papa, kòm mwen konfese pa m, konsènan move konpòtman m devan moun yo, mwen pa t ap mennen tèt mwen tankou yon sèvitè Kris. Mwen pa t fè sa. Mwen te pè ke yon moun ta fache kont mwen epi panse mwen pa t vle blese santiman l, men m pa t panse a sa m t ap fè pou Ou, Seyè. E kounye a mwen—m ap priye pou Ou padone m. Epi kounye a, Papa, mwen konnen si m mande padon m ap jwenn padon, e Ou te mete yo nan lanmè bliye a, e Ou p ap janm sonje sa ankò. Bondye, mwen gen rekonesans pou sa.

¹⁰¹ Epi mwen priye pou Ou pèmèt tout moun ki la, ki gen peche, peche anvyisan sou kwakseswa devan yo, ke yo retire l epi mete Seyè a devan yo tankou David te fè. Paske kounye a nou kriye: “Malè pou mwen, paske mwen te wè Glwa Bondye. Mwen se yon nonm ki gen bouch chanèl, oubyen yon fanm oubyen yon tifi ki gen bouch chanèl, yon ti gason, oubyen yon lòt bagay.” Kèlkeswa sa nou ta ye a, nou pa pi, e nou mande pou San Jezikri, Sakrifis ki apwopriye a, pou netwaye nou de tout peche, pou nou ka toujou rete nan Prezans Li. Ann kite isi a aswè a ak kè nou k ap rejwi, e chè nou k ap repoze nan espwa, konsyan de sa, ke lè Jezi va vini, nou va resisite avè L nan resanblans Li, pou al rankontre L anlè a, nan Anlèvman, lè dekont la va fini. Nou wè setyèm aj legliz la deja konte, e nou prè kounye a pou dekolè. Nou priye, Bondye, ke Ou, anvan W fèmen pòt la, si gen youn isi a aswè a ki pa t janm antre, ke yo prese antre byen vit, paske nou santi ke pòt mizerikòd la, ant mizerikòd ak jijman an, ap fèmen. Sila yo ki va aksepte mizerikòd va antre. Sila yo ki pa vle vini va gen pou souffri jijman. Bondye ap fèmen pòt la. Ke pa gen yon sèl pòt fèmen aswè a pou chak nan pechè sa yo k ap konfese. Ke nou tout jwenn padon ak mizerikòd. Nan Non Jezikri.

¹⁰² Epi kounye a, Papa, pou malad yo ak aflije yo, pou sa yo ki nan nesite, Mwen priye ke gras Ou va founi tout sa yo bezwen. Ke yo antre nan Kris, nan Prezans Li. Mete Kris, Kris, pwomès la, “Li te blese pou transgresyon m yo,” sa se peche m yo. Avèk

blesi Li yo mwen geri,' alò mwen mete Seyè a devan maladi m lan. 'Li sou bò dwat mwen, e mwen p ap bouje,' alò mwen mache avèk kran, pou m konfese ke mwen geri. 'Grasa blesi Li yo mwen geri.'" Akòde l, Seyè, a chak nan yo. E nou konnen ke si nou konfese ak kè nou epi, oswa ak bouch nou, epi kwè nan kè nou, alò n ap jwenn dezi nou.

¹⁰³ Ou di: "Lè w di nenpòt bagay, kwè li rive, ou ka gen sa w te di a." Nou kwè sa, Papa, e nou kwè ke Ou va netwaye nou de tout peche nou yo, epi geri tout maladi nou yo, epi ban nou gras, Seyè, pou sèvi W.

¹⁰⁴ Rete ak moun sa yo. Anpil nan yo pral vwayaje sou wout fènwa yo aswè a. Anpil nan yo pral vwayaje plizyè kilomèt. Pa kite anyen rive yo, Seyè. Yo te travèse peyi a pou yo te chita la pou koute dekont la, pou yo wè kijan nou te pwòch tan lafen an. Kounye a mwen te mande yo pou yo pati, mete Bondye devan yo, toujou devan yo, anvan nenpòt lòt bagay. Anvan vwayaj yo, anvan yo fè nenpòt bagay, anvan yo . . . anvan yo leve, apre yo fin kouche, toujou anvan yo dòmi, kèlkeswa kote l ye a, mete Bondye an premye! "Paske Li sou bò dwat mwen, e mwen p ap bouje." Alò ke kè yo rejwi, pou konnen ke yo gen sa yo te mande a, paske Bondye te pwomèt li, e chè yo va repoze nan espwa. Akòde l, Seyè, paske nou mande l nan Non Jezikri. Amèn.

Mwen va louwe L, mwen va louwe L,
Lwanj pou Ayo ki te sakrifye pou pechè yo;
Ba L glwa noumenm tout moun yo,
Paske San Li te lave chak tach.

¹⁰⁵ Kounye a èske w kwè ou mete Seyè a ant oumenm ak peche w la, ant oumenm ak maladi w la, ant oumenm ak fòt ou, ant oumenm ak fason w yo? "Seyè a toujou devan m, e mwen nan Prezans Li. Pwochèn fwa m kòmanse limen yon sigarèt, Seyè a devan m. Pwochèn fwa m kòmanse konvwate, Seyè a devan m. Pwochen fwa m kòmanse di yon bagay ki mal, Seyè a devan m. Pwochen fwa m kòmanse di yon move bagay, Seyè a devan m. E mwen p ap bouje. Amèn. M ap viv nan Prezans Li chak jou, ak zafè m yo, chak jou ak diskou mwen. M ap mache kòmsi Seyè a devan m, paske aswè a mwen mete L devan m. M p ap bouje." Ou renmen L?

¹⁰⁶ Kounye a, annou leve kanpe kounye a. O, mwen jis santi m vrèman byen. M jis santi m tankou m pa vle al lakay. Epi ou konnen se sèlman vennsenk minit anvan nevè, mwen rive apeprè de zè de tan anvan lè. Se pa bèl bagay? O, la la! Men kounye a pandan n ap pati, annou sonje, nou dwe pran Non Jezi avèk nou, tankou yon boukliye kont tout pyèj. Epi lè tantasyon yo rasanble bò kote nou. . . eseye fè nou sonje sa, jis respire Non sen sa a nan lapriye.

Pran Non Jezi avèk ou,
Timoun nan lapenn ak malè;

Lajwa ak rekonfò l ap ba ou,
 O, mennen L tout kote w prale.
 Non presye, (Non presye!) O ala dous!
 Espwa tè a ak jwa Syèl la;
 Non presye, (Non presye!) O ala dous!
 Espwa tè a ak jwa Syèl la.

¹⁰⁷ Konbyen moun ki apresye pastè nou an, Frè Neville? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Èske w pa rekonesan anvè Seyè a pou yon nonm ki toujou la, ki bon, ki onèt, ki kwè Levanjil la? [“Amèn.”] Epi l ap fè yon travay tèlman mèveye nan obeyi Komandman Bondye yo, epi preche Pawòl la epi kenbe gwo anbyans espirityèl sa nan legliz la tout tan. Sonje, m te desann sou Kot Lès la, m te travèse Sid la, epi m te monte sou Kot Lwès la, epi atravè Canada, e mwen pa t rankontre yon sèl legliz ki espirityèl menm jan ak legliz sa isi a la. Yo deteryore pou vin semans, ya, swa paske yo tonbe nan fanatik, swa paske yo rantre nan tout kalite pwoblèm, oubyen yo tèlman frèt ke yo jis pa ka bouje. Se tou.

¹⁰⁸ Kounye a, èske nou renmen youn lòt? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] O, bay youn lòt lanmen, epi di: “Lwanj pou Seyè a.”

¹⁰⁹ [Frè Branham ap bay moun yo lanmen—Editè a.] Lwanj pou Seyè a. Lwanj pou Seyè a. Lwanj pou Seyè a. Lwanj pou Seyè a, sè. Lwanj pou Seyè a. M kontan ou te isi a, frè. Lwanj pou Seyè a, sè. Bondye beni w. Trè byen. Bondye beni w. N ap fè l. Bondye beni w. Mwen konn sa w bezwen. Bondye beni w. Bondye beni w.

Pran Non Jezi avèk ou,
 Tankou yon boukliye kont tout pyèj;
 Lè tantasyon antoure w, (Kisa w fè?)
 Respire Non Sen sa nan lapriyè.
 Non presye, (Non presye!) O ala dous! (O ala dous!)
 Espwa tè a ak jwa Syèl la;
 Non presye, (Non presye!) O ala dous!
 Espwa tè a ak jwa Syèl la.

¹¹⁰ Annou bese tèt nou kounye a. Tou dousman, annou pa bliye sa kounye a. Annou chante kouplè sa ankò.

Pran Non Jezi avèk ou, (Poukisa?)
 Pou yon boukliye kont tout pyèj; (Lè Satan ap eseye pran w nan pyèj.)
 Lè tantasyon antoure w, (Kisa w fè?)
 Jis respire Non Sen sa . . . (“Paske Seyè a devan m; mwen p ap bouje!”)

Non presye, (Non presye!) O ala dous!

Frè Neville. 

62-0909^E Nan Prezans Li
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indiyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwoudi on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmasyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org